



Pou Piblikasyon Imedya: 09/04/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AKTIVITE PATH THROUGH HISTORY POU
REKONÈT 150^{YÈM} ANIVÈSÈ LANMÓ PREZIDAN LINCOLN**

***Ekspozisyon Espesyal nan Capitol Eta nan dat 25 avril; Lòt aktivite pral fèt
pandan ete pou montre atachman Eta New York avèk Lincoln***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke yo pral komemore 150^{yèm} anivèsè lanmò Prezidan Abraham Lincoln apati mwa sa a avèk plizyè aktivite nan tout eta, enkli yon jounen konplè aktivite gratis nan samdi 25 avril nan Capitol Eta New York. Se te nan dat sa ke tren Fineray Lincoln la te rive nan Albany nan ane 1865 yo te pote kò Prezidan an ki te asasinen e apres a yo te ekspoze l nan ansyen Capitol eta nan dat 26 avril.

“Prezidan Lincoln te gide peyi nou an nan yon moman ki te difisil anpil, e angajman l pou inite ak egalite kontinye enspire nou,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Kòm nap selebre 150^{yèm} anivèsè lanmò l, mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo aprann plis sou lavi l, eritaj dirab ak enpak pwofon sou peyi nou an.”

Galeri Lès nan Capitol la pral prezante yon ekspozisyon ki dedye a memwa Lincoln ansanm avèk kontribisyon New York te fè nan efò Inyon an pandan gè sivil la. Pwen santral nan ekspozisyon an se drapo ki te poze sou sèkèy Prezidan an. Anplis, plizyè aktivite ki santre sou Lincoln pral fèt nan Capitol la enkli rekonstitye mizik epòk la ak plis ankò. Pou kouwone jounen an, Sèvis Nasyonal Park ap pwomote yon prezantasyon kap fèt pa yon aktè ki gen renome ki pral enkane Lincoln nan Sal Lagè a nan Capitol la nan 3:30 ak 6:30 p.m. Tout aktivite yo gratis e yo ouvè pou piblik la. Toutfw, akòz plas yo limite, rezèvasyon obligatwa pou prezantasyon Lincoln la e li ka fèt nan www.governor.ny.gov/lincolntribute.

Vizite yo ka eksperimante ekspozisyon an nan Capitol la rive jouk pandan ete a. Anplis, pwogram New York Path Through History pral prezante sit ak aktivite yo nan tout eta ki eksplore President Lincoln, Lagè Sivil ak koneksyon yo nan Empire State. Plis enfòmasyon disponib nan www.iloveny.com/Lincoln. Wap jwenn plis enfòmasyon sou aktivite Tren Fineray Park Nasyonal yo [la](#).

Direktè Sèvis Park Nasyonal Jonathan B. Jarvis te deklare, “Pandan katran ki sot pase

yo, Sèvs Nasyonal Park te komemore 150^{yèm} anivèsè pi gwo kriz nasyonal nan peyi sa a, pandan lap eksplòre enpòtans dirab li nan 21^{yèm} syèk la itilize tèm ki gide *Lagè Sivil a Dwa Sivil*. Kòm evènman san-senkantye anivèsè a rive nan fen, komemorasyon nou sou tren fineray Abraham Lincoln prezante gwo vil yo, enkli twa nan Eta New York, ki te òganize seremoni fineray sou wout la pou Springfield, Illinois. Aktivite sa yo nan New York, Albany ak Buffalo rekonèt wòl enpòtan Empire State' nan efò lagè Inyon an, yo toulède sou chan batay ak devan kay la.”

Harold Holzer, Vis Prezidan Prensipal pou Afè Piblik nan Metropolitan Museum of Art, said, “Pa gen yon eta ki te kontribye plis sòlda, plis lajan, oswa plis inovasyon nan lagè Lincoln pou prezève inyon an ak detwi esklavaj pase New York. E pa gen okenn eta ki te nan lapenn pou asasina l pi piblikman e avèk plis pasyon. Lincoln merite gran adye inoubliyab nan Manhattan, Albany, ak Buffalo. Men kòm ekspozisyon sa revele, ti omaj ki te fèt nan anpil bouk ak vilaj pami, apati Hudson Valley pou rive a Southern Tier—ak nan tout pis yo kote tren fineray la te pase pandan vwayaj retou l nan Springfield, Illinois. Sa a se yon istwa enkwayab, pratikman ki pa rakonte ke tout Nouyòkè ta dwe fyè. E yo ta dwe egalman fyè sou siksè efò pou prezève drapo ki te kouvri yon fwa sèkèy li nan Albany—e li te achemine pa fi a nan Albany nan ane 1865 ki te ede eta nou an jwenn Pwoklamasyon Emansipasyon Preliminè Presye nan men Lincoln. Kòm Prezidan nan Fondasyon Lincoln Bicentennial, Mwen fyè dèske mwen te sipòte efò pou prezève drapo a. Antanke yon istoryen Lincoln, mwen onore dèske mwen te travay avèk Mark Schaming ansanm avèk Mize Eta New York sou entèpretasyon l. E Antanke Nouyòkè, mwen rekonesan pou Gouvènè Cuomo pou tout sa li te fè pou ankouraje edikasyon istwa ak ekspozisyon nan Capitol la ak nan tout eta.”

Samdi 25 avril 1 pm – 7 pm, Capitol Eta New York

1:00 p.m. – Rekonstitye Lagè Sivil reprezante 123^{yèm} Volontè New York, 125^{yèm} rejiman enfantri New York, 26^{yèm} USCT, 7^{yèm} Atilri Lou New York, ak plizyè lòt inite lagè sivil ke yo te rekreye pral rasanble nan Lwès Capitol Park toupre Swan Street e yon seremoni mache ap kòmanse nan Washington Avenue pou rive nan Lès Capitol Park kote yo pral fè yon sèvis memoryal kap onore Prezidan Lincoln.

Aprè sèvis la, rekonstityè yo pral rete deyò pou yo pran kesyon, ak fè egzèsis mach ak demonstrasyon militè pandan Lagè Sivil. Yon peryòd period 12-liv kanon imitasyon Mòn Howitzer ki fè pati nan 7^{yèm} atilri Lou New York pral ekspoze tou pandan tout jounen an nan Lès Capitol Park.

2:00, 3:00, 4:00, 5:00 ak 6:00 p.m. – Vizit gratis pral fèt nan Capitol la. Vizit yo ap kòmanse nan baz eskalye Sena nan premye etaj la.

3:30 pm ak 6:30 p.m. (Rezèvasyon sou entènèt obligatwa) – Mizisyen Anne ak Ridley Enslow, te abiye nan kostim 1860 yo, pral rekaptire dram lan ak patetik nan gwo Lagè Sivil Ameriken atravè chan ak Meodi. Sa a pral swiv pa yon pwogram entèpretatif ke yon moun pral fè ki prezante pa imitatè selèb Fritz Klein ki santre sou espwa ak rèv Lincoln pou peyi a pandan manda l antanke prezidan. Plas yo limite. Prezantasyon an

pral dire apeorè 90 minit. Yo ka fè rezèvasyon yo nan www.governor.ny.gov/lincolntribute.

Yon Drapo pou Epòk yo Ekspozisyon an Prezante

Ekspozisyon Tren finerey Lincoln ak Lagè Sivil pral montre drapo nasyonal ke yo te mete ozalantou sèkèy la, oswa platfòm, kote sèkèy prezidan yo te tiye a repoze nan Capitol eta nan Albany, New York, nan dat 26 avril 1865. Li prezante tou objè ki gen rapò avèk finerey la, istwa dènve jou Lincoln, lanmò trajik, ak anpil seremoni ki onore Lincoln ansanm avèk wout tren finerey la ki pote kò a soti nan Washington, D.C., jiska New York, a Springfield, Illinois. Ekspozisyon an pral montre tou kontribisyon Eta New York nan Lagè Sivil la ak figi istorik ki gen rapò a istwa a.

Yo rapòte ke drapo a ki te vlope sèkèy la te prezante nan ane 1861 pa William H. Seward, Sekretè Deta ak ansyen Gouvènè Eta New York ak Senatè Etazini, a Emily Weed Barnes, pitit fi Thurlow Weed, yon konseye politik ak bon zanmi Seward. Lè sèkèy ki te pote kò Lincoln la te rive nan Capitol la, Madam. Barnes te vlope drapo a toutotou sèkèy la. Drapo a te rete avèk fanmi Barnes e yo te bay li a New York State Battle Flag Collection e Gouvènè Franklin Roosevelt te aksepte l nan ane 1930.

Komisyonè Biwo Sèvis Jeneral RoAnn M. Destito te deklare, “Kòm gadyen Capitol Eta New York, OGS kontan dèske Gouvènè Cuomo te transfòme bilding sa nan yon plas kote sitwayen yo ka non sèlman wè gouvènman kap travay, men tou aprann osijè eta nou an. Ekspozisyon Lincoln la se yon bèl opòtinite pou retounen nan tan lontan epi eksperimante istwa rich ki asosye avèk Lincoln ansanm avèk eritaj li.”

Direktè Egzekitif Divizyon Touris Empire State Development Gavin Landry te deklare, “Eta New York te ede pou fè avanse Abraham Lincoln sou sèn nasyonal, ak prezidans li, e eritaj la gen lyen pwofon avèk Empire State. Apati kay yo ak plas repo final Nouyòkè prensipal yo nan Lagè Sivil e li te kondwi jiska, tankou kondiktè chemendefè anbatè Harriet Tubman; abolisyonis John Brown; Sekretè Deta Lincoln’ ak konfidan William H. Seward; ak Jeneral Lame Inyon Ulysses S. Grant, nan sit yo kote endistri ak teknoloji te jwe yon wòl nan Lagè Sivil, tankou Burden Iron Works, Brooklyn Navy Yard ak West Point Foundry, New York’s Path Through History pare pou l mennen vizitè yo san-senkant ane nan tan lontan.”

Komisyonè State Parks Rose Harvey te deklare, “Kontribisyon Lincoln a istwa peyi nou an ansanm avèk koneksyon l nan gwo eta nou an pral vini nan reyalyte a mwa sa a pandan nap selebre anivèsè lanmò l. Grasa anpil prezantasyon ak ekspozisyon, Nouyòkè yo pral gen yon vrè sans nan epòk Lagè Sivil epi konprann pi byen evènman yo ki te ankadre istwa pase eta nou an ak kijan New York te gen enpak sou tan yo. Lincoln te yon figi monimantal pandan peryòd li a e nap rete tann pou n wè eritaj li pataje avèk plizyè milye moun toupatou nan eta.”

Enfòmasyon sou Path Through History

Path Through History prezante espas ak evènman ki gen enpòtans istorik ak kiltirèl toupatou nan Eta New York. Pwogram lan, Gouvènè Cuomo te entwodi a, chita sou

atraksyon touris eritaj New York ki deja solid. Inisyativ la, sa Divizyon Touris Empire State Development Division /I LOVE NEW YORK, aktyèlman santre sou 13 tèm enkli: Art ak Kilti, Istwa Natirèl, Prezidan Etazini, Dwa Fanm yo, Kannal ak Sèvis Transpò, Dwa Sivil, Istwa Kolonyal, Imigrasyon, Inovasyon ak Komès, Lagè Revolisyon, Eritaj Ameriken Natifnatal, Istwa Espò ak Lagè lane 1812. Yo te chwazi espas ak evènman enpòtan eritaj la toupatou nan eta a avèk remak kèk nan istoryen prensipal yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou www.iloveny.com/paththroughhistory.

Nan yon efò pou ogmante pwofil destinasyon istorik sa yo Eta New York òganize wikenn Path Through History, itilize aktivite an dirèk pou selebre istwa New York epi prezante efò fòmèl moun ak òganizasyon yo ki te angaje nan prezèvasyon ak pwomosyon li. Nan ane 2014, yo te òganize 383 aktivite nan 55 sou 62 konte yo nan Eta New York, yon pousantaj ogmantasyon 43 pousan nan ane anvan. Ane sa a, Wikenn Path Through History pral fèt nan dat 20-21 jen 2015.

Swiv I LOVE NEW YORK nan Facebook, Twitter ak Instagram oswa itilize #LoveNYHistory pou fè yon sèl ak nou nan vwayaj nan Path Through History New York.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418